

Sèvis Jesyon Mobilite

Rele 311 / 869-6311

- ◆ Opsyon transpò vil la
- ◆ Konekte ak transpò ki aksesib
- ◆ Orè tren / bis
- ◆ Ti konsèy pou pwolonje tan ou sou volan
- ◆ Kou pou aprann kondui
- ◆ Pote prezantasyon sou mobilite nan gwoup sosyal ou yo



KISA VWAZEN OU YO DI SOU PWOJÈ ENDEPANDANS SÈVIS TRANSPÒ A

JS nan Great Neck te ekri:

« Mèsi Vil North Hempstead paske li vini ak pwogram sèvis taksi a. Se yon ide entelijan, imen... »

LL nan New Hyde Park te rele 311 pou di:
« Mèsi pou sèvis taksi a. Mwen pran plezi nan li anpil e mwen ta renmen li kontinye. »

Kòmante ki soti nan yon ankèt anonim

Itilizatè pwogram transpò yo:

« Pwogram sa se yon benediksyon! »

« Li itil anpil lè ou pa oblije mande zanmi oubyen fanmi soti epi kondui nan sezon ivè a. »

Rezon pou eseye pwojè taksi endepandan an

- ◆ W ap rete endepandan
- ◆ Ou gen efè segondè akoz medikaman
- ◆ Ou pa ka kondui akoz klima a
- ◆ Ou gen difikilte pou kondui lannwit
- ◆ Ou ka evite paking difisil yo
- ◆ Ou vle transpò pou achte manje GRATIS de fwa pa semèn
- ◆ Ou vle yon taksi nan pri rabè pou randevou medikal, randevou pou dan ak zye

Pwojè Endepandans sèvis transpò yo finanse an pati pa yon finansman ki soti nan Konsèy Transpò Metwopoliten New York (New York Metropolitan Transportation Council, NYMTC) atravè Depatman Transpò Eta New York ak Administrasyon Transpò Piblik Federal la.

Pwojè Endepandans Sèvis Transpò Vil la fonksyone san distenksyon ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, jan, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, laj oubyen enfimite, e nan konfòmite ak lwa ki anvigè a. Tout moun ki kwè yo te fè diskriminasyon ilegal kont yo pandan y ap itilize Pwojè Endepandans Sèvis Transpò a ka depoze yon plent alekri nan 180 jou nan: Depatman Sèvis pou Granmoun (Department of Services for the Aging), Nan atansyon: Ofisye EEO ak ADA, 1601 Marcus Avenue, New Hyde Park, New York 11040.



VIL NORTH
HEMPSTEAD

SIPÈVIZÈ JUDI BOSWORTH,
KONSÈY VIL LA AK DEPATMAN
SÈVIS POU GRANMOUN NAN FYÈ
POU LI PREZANTE

Pwojè Pwogram Endepandans Transpò

Pou rezidan Vil la

- Ki genyen 60 an e plis
- Ki genyen 21 an e plis ki genyen yon enfimite



Town of North Hempstead

**Project
Independence**



Chè Zanmi ak Vwazen:

Vil North Hempstead ak konpayi taksi otorize lokal ou yo fyè pou ofri sèvis transpò pou vizit medikal ki pa ijans ak pou achte manje, pou rezidan granmoun ki genyen 60 an e plis, ak rezidan

andikape ki genyen 21 an e plis ki kalifye yo.

Pou yon deplasman nan taksi pou ale kay doktè, dantis oubyen sant tretman, ou peye sèlman mwatye tarif la, epi Vil la peye lòt mwatye a.

Sèvis acha a gratis.

Bwochi sa gen objektif pou reponn kesyon ou konsènan sèvis transpò Vil la.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, oubyen ou vle fikse dat deplasman w lan, tanpri rele 311 oswa 869- 6311.

Salitasyon chalere,

Judi Bosworth, Sipèvizè



KESYON AK REPONS SOU TRANSPÒ MEDICAL

Kilè sèvis la disponib?

Sèvis sa disponib 7 jou sou 7, sof pandan jou ferye enpòtan yo. Deplasman an dwe planifye omwen yon jou alavans. Pi bon moman pou deplase se ant 10 è am e 4 è pm lè taksi yo mwens okipe.

Ki zòn sèvis la kouvri?

Sèvis la kouvri Vil North Hempstead la sèlman. Sof pou ale nan LIJ Hospital, Nassau University Medical Center ak Garden City.

Èske taksi a ap pote chèz woulant oubyen apui mwen an?

Wi, depi ou ka pase sou syèj yon machin, e aparèy la ka pliye fasilman epi antre nan kòf la.

Èske asistan mwen an ka vini tou?

Wi yon dezyèm moun ka akonpanye ou san peye.

Kijan mwen ka fikse deplasman mwen yo?

Sèlman rele 311 oubyen 869-6311 omwen yon jou alavans. Orè sant dapèl la se lendi rive vandredi soti 7:30 è am rive 7:30 è pm, samdi ant 10 è am e 6 è pm, epi dimanch soti 10 è am pou 5 è pm. Sant dapèl la fèmen pandan tout jou ferye enpòtan yo.

E konsènan trajè retou mwen an?

Chofè taksi w la ap ba ou yon nimewo pou rele pou retou a. Apre randevou a, rele taksi a epi idantifye ke ou nan « **Pwojè Endepandans** » lan pou asire rabè a aplike pou retou a.

Kisa trajè a ap koute?

Vil la te negosye yon tarif ak rabè ak konpayi taksi yo. Tarif yo varye toudepan de distans deplasman an. Tep la depann de ou e li toujou apresye.

KESYON AK REPONS POU ACHA MANJE

Kilè sèvis la disponib?

Deplasman pou achte manje disponib de fwa pa semèn ant 10 è am e 2 è pm. Deplasman an dwe planifye omwen yon jou alavans.

Èske taksi a ap pote chèz woulant oubyen apui mwen an?

Wi, depi ou ka pase sou syèj yon mahcin, e chèz woulant lan oubyen aparèy la ka pliye fasilman epi antre nan kòf yon machin.



Èske asistan mwen an ka vini tou?

Wi.

Kijan mwen ka fikse deplasman mwen yo?

Sèlman rele 311 oubyen 869-6311 omwen yon jou alavans. Orè sant dapèl la se lendi rive vandredi soti 7:30 è am rive 7:30 è pm, samdi ant 10 è am e 6 è pm, epi dimanch soti 10 è am pou 5 è pm. Sant dapèl la fèmen pandan tout jou ferye enpòtan yo.

E konsènan trajè retou mwen an?

Nan sant acha a, w ap aranje ak chofè a sou plas ak lè pou nou rankontre pou trajè retou pou ale lakay la.

Èske gen yon limit kantite sachè makèt

Mwen ka pote lakay?

Akoz limit espas, acha a limite a twa sachè pa moun k ap deplase. Prewa youn oubyen de moun k ap deplase ansanm avèk ou.

E konsènan tep la?

Trajè a gratis. Tep la depann de ou e li toujou apresye.